



Pou Piblikasyon Imedya: 29/01/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OPERASYON NAN SIT VAKSINASYON SOU VOLAN
NAN JONES BEACH LA SISPAAN AKOZ MOVE TAN**

Operasyon yo sispaan vandredi 29 janvyè ak samdi 30 janvyè, akòz gwo van ak tanperati glasyal

Okenn randevou pa anile - y ap repwograme tout pou dimanch jiska mèkredi nan semèn pwochèn

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke operasyon nan sit Vaksinasyon Sou Volan nan Jones Beach la sispaan vandredi 29 janvyè ak samdi 30 janvyè akòz gwo freddi ki soti nan vòtèks polè a aktyèlman ki afekte eta a. Sistèm meteyo sa ap pwodui gwo van ki bese nivo van yo toupre zewo ki kreye pwoblèm sekirite akòz estrikti tant ouvè yo itilize nan sit la.

Yo te avize tout moun ki te pwograme pou yon vaksinasyon pandan de jou sa yo sou sispaasyon an pa imel ak mesaj tèks e randevou yo ap repwograme. Randevou ki repwograme sa yo ap fèt apati dimanch 31 janvyè epi y ap kontinye jiska mèkredi 3 fevriye.

"New York ap konnen yon vag freddi glasyal ak gwo van aktyèlman e tan sa te kreye pwoblèm sekirite nan Sit Vaksinasyon Jones Beach la," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nan enterè sekirite moun k ap travay epi k ap resevwa vaksen nan Jones Beach yo, operasyon yo te sispaan jiska dimanch. Nouyòkè yo ka rete asire ke okenn randevou p ap anile akòz de sa e nenpòt moun ki te pwograme pou yon vaksinasyon nan vandredi oswa samdi ap resevwa yon nouvo randevou nan jou k ap vini yo."

Nan kad pwosesis repwogramasyon an epi nan limit ki posib, delè nouvo randevou yo ap pwograme nan aliyman ak lè randevou orijinal la. Si nouvo lè randevou sa pa fonksyone pou yon moun akòz chanjman jou a, y ap ba yo yon nimewo kontak pou idantifye yon lè diferan ki ka fonksyone pi byen pou moun nan.

Tout lòt sit vaksinasyon an mas eta a rete operasyonèl konplètman.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)